



Machaswiv ki Aktyalize sou Mask nan Lekòl Piblik Providence yo - 6 Avril

Egzijans pou mask

Apati 11 Avril 2022, mask yo pral ochwa pou manm pèsònèl ak elèv yo. Tout moun kapab chwazi kontinye mete yon mask oswa pou pa mete yon mask. Yo p ap tolere move tretman sou yon lòt moun paske li chwazi mete oswa pa mete yon mask.

Ka ki pozitif

Moun ki genyen sentòm oswa ki devlope sentòm yo dwe rete nan izòlman lakay yo pandan omwen 5 jou apati lè sentòm yo premye parèt yo, epi mete yon mask ki byen adapte pandan 5 jou anplis san konsidere sitiyasyon vaksinasyon an.

Kontak rapwoche

Selon konsèy RIDOH a, PPSD te elwanye l de retrasman kontak epi l ap konsantre sou yon entèvansyon pou pandemi an.

Pou lekòl elemantè yo, lekòl yo pral enfòmè elèv yo nan sal prensipal elèv la konsènan yon potansyèl ekspozisyon, epi rekòmande pou elèv ki pa vaksinen yo ki nan saldeklas la pou mete mask pandan 10 jou apati dat premye ekspozisyon an.

Pou lekòl twazyèm sik ak lekòl segondè yo, lekòl yo pral enfòmè tout elèv yo ke te genyen yon ka pozitif nan lekòl la, epi rekòmande pou elèv ki pa vaksinen yo pou kapab mete mask pandan 10 jou apati dat premye ekspozisyon an.

Sitiyasyon nan lekòl yo oswa nan distri a kapab retounen avèk egzijans pou mask yo

Yon lekòl kapab mande pou yon klas, oswa pou tout lekòl la mete mask pandan yon peryòd 10 jou si yo sispèk genyen gwo transmisyon nan lekòl la. Byenke pa genyen yon limit ki t ap deklanche sa, sa t ap jeneralman fèt si plis pase 3 elèv oswa manm pèsònèl nan yon klas endividyèl devlope COVID-19 pandan yon peryòd 5 jou oswa 5% nan popilasyon elèv/pwofesè yo teste pozitif oswa sispèk genyen COVID-19 yo pandan yon peryòd 5 jou.

Distri a pral egzije pou mete mask si RIDOH oswa lòt responsab yo konseye sa. Anplis, si Konte Providence lan ogmante soti nan fèb pou rive nan nivo Risk Kominotè mwayen oswa elve, PPSD kapab retounen nan egzijans pou mask yo pou tout moun.

Lòt estrateji pou rediksyon

PPSD pral kontinye avèk lòt estrateji rediksyon yo ki genyen ladan tès san sentòm chak semèn yo ak pirifikasyon lè. Anplis de tès san sentòm chak semèn ak tès rapid pou moun ki prezante sentòm yo, PPSD pral ogmante disponiblite tès rapid yo nan lekòl yo pou bay tès anplis pou elèv ak pou manm pèsònèl yo si te genyen yon ekspozisyon potansyèl pou COVID-19.